



N° 13 - 2017 INAMA NSHINGAMATEKA Y'UBURUNDI



INAMA NSHINGAMATEKA

Gisohoka rimwe mu kwezi

REPUBLIKA Y'UBURUNDI

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakoze ibikorwa rusangi yongera aratanga imfashanyo y'ibifungurwa muri komine ya Musigati.



Umukuru w'Inama Nshingamateka yarahaye umubonano Umuhuza w'abarundi. 12-13

Soma kurupapuro rwa 12-13



Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakurikiranye igikorane catunganijwe na MAC.

Soma kurupapuro rwa 8



Ibibazo vyunganirwa vyabajijwe abashikiranganji bane bari baserukiye Leta.

Soma kurupapuro rwa 13

Abashingamateka b' ikiringo ca 2015 -2020



Très Hon. Pascal Nyabenda
Umukuru w' Inama Nshingamateka
Bubanza-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Agathon Rwasa
Icegera ca mbere c' Umukuru w' Inama Nshingamateka
Ngozi- Hutu-MizeroY'Abarundi



Hon. Jocky Chantal Nkurunziza
Icegera ca kabiri c' Umukuru w' Inama Nshingamateka
Ruyigi-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Gloriose AHISHAKIYE
Ngozi-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Asha KHALFAN
Kayanza -Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Fabien BANCIRYANINO
Bubanza - Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Adolphe BANYIKWA
Bujumbura - Hutu- Mizero
y'Abarundi



Hon. Chantal BARAMPAMA
Bujumbura - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Josélyne BARANYANKA
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Jacqueline BARANYIZIGIYE
Cankuzo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Evole P. BASHINGWA
Mairie - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Domitien BAVAKURE
Karusi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Rémegie BAZIRAHOMPONYOYE
Muramvya - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ildephonse BIGIRINDAVYI
Muramvya - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Jérôme BIKORIMANA
Bururi-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Simon BIZIMUNGU
Cibitoke - Hutu Mizero
y'Abarundi



Hon. Pascal BIZUMUREMYI
Ruyigi - Hutu-Mizero
y'Abarundi



Hon. Renate BUKURU
Ruyigi- Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ildephonse TURIMUMUGABO
Muyinga - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Spéciose CIMPAYE
Muramvya - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Angèle CIZA
Kirundo- Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Claver COYITUNGIYE
Karusi - Hutu-Mizero
y'Abarundi



Hon. Fleurette DUKUNDANE
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Léocadie GAFURERO
Bubanza-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Séraphine GAKOBWA
Makamba - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Odette HABONIMANA
Rumonge - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Léopold HAKIZIMANA
Kayanza - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Pascal HAKIZIMANA
Muyinga-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Godeberthe HATUNGIMANA
Rutana - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Vénant HATUNGIMANA
Kayanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Ferdinand HAVYARIMANA
Gitega - Tutsi-Mizero y'Abarundi



Hon. Juvénal HAVYARIMANA
Bubanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Mireille INABIGENDERA
Karusi - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Caritas IRAKOZE
Makamba - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Lydia IRAKOZE
Mairie- Tutsi CNDD-FDD



Hon. Joséphine IRAMBONA
Karusi - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Georges KABANGO
Karusi - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Ange Denise KAMERE
Muyinga-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Denis KARERA
Gitega-HUTU CNDD-FDD



Hon. Amédée RUCARAGI
Gitega-HUTU- CNDD-FDD



Hon. Uziel KUBWIMANA
Cibitoke-Hutu-CNDD-FDD



Hon. J. Claude KWIZERA
Mwaro -Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Pamphile MALAYIKA
Muyinga- Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Pascasie MANIRAKIZA
Ngozi-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. T rence MANIRAMBONA
Gitega - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Sauda MBONEKO
Bujumbura - Hutu-CNDD-FDD



Hon. No  MBONIGABA
Ruyigi-Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Fran ois MBONIHANKUYE
Karusi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Adolphe MBONIMPA
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Gilbert MBONINYIBUKA
Makamba-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Amed e MISAGO
Muyinga - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Fran ois MPITABAVUMA
Muyinga - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Xavi re MUHIMPUNDU
Karusi - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Jean Bosco MUHUNGU
Rutana - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. L onidas MUKESHIMANA
Rumonge-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Euphrasie MUTEZINKA
Kirundo-Tutsi
Mizero y'Abarundi



Hon. Lazare MVUYEKURE
Gitega-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Persille MWIDOGO
Ngozi-Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Claude NAHAYO
Ngozi-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Immacul e NAHAYO
Kayanza - Hutu
CNDD-FDD



Hon. G lase NDABIRABE
Kayanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Z non NDARUVUKANYE
Bujumbura - HUTU
CNDD-FDD



Hon. Canesius NDAYIMANISHA
Kayanza - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Juvenal NDAYIRAGIJE
Rutana - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Bernard NDAYISENGA
Mairie - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Emmanuel NDAYISHIMIYE
Bururi - Hutu-Mizero y'Abarundi



Hon. Andr  NDAYIZAMBA
Bururi-Tutsi
UPRONA



Hon. Glorioso NDAYIZEYE
Gitega- Hutu
CNDD-FDD



Hon. Angele NDIHOKUBWAYO
Bururi - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. P.Célestin NDIKUMANA
Bujumbura-Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Gilbert NDUWAYO
Makamba-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Dévotte NDUWIMANA
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Déogratias NDUWIMANA
Ngozi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Rénovat NDUWUMWAMI
Makamba - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Anglebert NGENDABANKA
Cankuzo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Egide NGERAGEZE
Ruyigi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ladislav NINDEREYE
Muramvya - Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Glorioso NIMENYA
Rumonge-Tutsi
UPRONA



Hon. Godelieve NININHAZWE
Mwaro - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Felix NIRAGIRA
Ngozi - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Justin NIYOBUHUNGIRO
Cibitoke - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Justine NIYONGABO
Cankuzo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Lewis NIYONGABO
Mairie - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Glorioso NIYONSENZA
Kirundo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Constantin NIYONZIMA
Ngozi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Salvator NIYUKURI
Rutana-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Emmanuel NKUNZIMANA
Bujumbura - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Claude NKUNZIMANA
Ruyigi- Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Olive NKUNZIMANA
Ngozi -Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Georges NSHIMIRIMANA
Gitega - Hutu-CNDD-FDD



Hon. M. Chantal NSHIMIRIMANA
Ngozi- Twa



Hon. M. Jeanne NTAHORAHORO
Gitega - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Apollinaire NTAHIMPERA
Muramvya- Hutu-CNDD-FDD



Hon. Adolphe NTAHONDEREYE
Mairie - Twa



Hon. Aloys NTAKIRUTIMANA
Cibitoke-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Obed NTAKIYIRUTA
Rumonge - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Emmanuel NTEZUKOBAGIRA
Bururi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ruth NTIBASHAKWA
Cibitoke - Hutu-NDD-FDD



Hon. Zānabu NZEYIMANA
Gitega - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Gaudence NTIRANDEKURA
Mwaro - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Gabriel NTISEZERANA
Bubanza-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Adrien NYANDWI
Kayanza - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Claire NYANDWI
Makamba - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Nestor NZEYIMANA
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Séraphine NZEYIMANA
Rumonge - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Révérien NZIGAMASABO
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. J. Baptiste NZIGAMASABO
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Consolate NZIGAMISONI
Cibitoke - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Benigne RURAHINDA
Mairie-Hutu-CNDD-FDD



Hon. James SAMAGORWA
Cibitoke-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Eric SINDAYIGAYA
Mairie-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Sylvestre SINDAYIHEBURA
Gitega - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. J. Pierre SINZINKAYO
Bujumbura-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Vincent SUKUNOBA
Gitega - Twa



Hon. Anicet TUYAGA
Mwaro - hutu-CNDD-FDD



Hon. Ibrahim UWIZEYE
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Léocadie YAMUREMYE
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakoze ibikorwa rusangi yongera aratanga imfashanyo y'ibifungurwa muri komine ya Musigati.

Ivyaranguwe n'Umukuru w'Inama Nshingamateka



Ku musi wa gatanu igenekerezo rya 30 Ruheshi 2017, Umukuru w'Inama Nshingamateka Nyakwubahwa Pascal NYABENDA, yarifadikanije n'abanywanyi b'ishirahamwe «*Dukunde Igihugu, twiteze imbere*» ryo muri komine Musigati intara ya Bubanza mu bikorwa vyo gusibura ibarabara rya Musigati-Muyebe. Mw'ijambo ry'ikaze, musitanteri wa komine Musigati Jean Bosco NDUWIMANA yaramenyeshije ko ibijanye n'ibidukikije bavyitaho cane ati barakingira ikibira kandi bagiye gutera ibiti ku nkengera z'amabarabara.

Ikindi yamenyesheje n'uko komine ya Musigati igiye gushira mu ngiro ingingo ya Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, aho asaba umuryango umw'umwe gutera,

n'imiburiburi igiti kimwe c'icamwa. Akaba yaciye asaba ko hoca haba ihinguriro ryo guhingura ivyo vyamwa. Musitanteri wa komine Musigati akaba yarasavye kandi Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka ko yogaruka kugira

akaba yarashimye ko ubushikiranganji bw'Uburimyi n'Ubworozi bwahisemwo agace ka Kayange muri iyo komine nyene ya Musigati kugira ngo bahimirize ukurima imboga bakoresheje ukuvomera. Bulamatari Tharcisse NIYONGABO akaba yasavye abenegihugu kwitaho guca imikobeko ku misozi ihanamye. Mu gufungura naho, ngo baje barafungura imbeba z'ikizungu ngo kuko abahinga berekana ko inyama yazo ifise akamaro kanini mu mubiri w'umuntu.

Ikindi yasavye n'uko itegeko rihana amabi afatiye ku gitsina ryoshirwa mu Kirundi. Ngo mu ntara ya Bubanza, imiryango

6700 niyo yari ibanye bidacye mu mategeko ngo mugabo kuva iryo tegeko ritanguye gushirwa mu ngiro, ngo nko muri komine ya Gihanga,



ngo yirabire ingene vya bikorwa vy'abanyeshure mu buruhuko biriko biragenda muri iyo komine. Bulamatari w'intara ya Bubanza nawe,



imiryango 500 iramaze kwandikisha ubugeni.

Mu gihe urwo rugendo yarugize buca Abarundi bahimbaza imyaka 55 irangiye Uburundi buronse intahe yo kwikukira, Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yamenyesheje abari aho ko kwikukira atari kuduza gusa ibendera ry'Uburundi no kumanura ibendera ry'Ububirigi; ati kwikukira ahubwo kubonekera mu bikorwa biteza imbere igihugu kuburyo n'abakoroni bibonera ko abarundi bashoboye koko. Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yaragarutse ku vyerekeye umutekano; aho yagarutse ku bwicanyi bwari bwaraye bugiriwe uwujewe umutekano aho nyene i Musigati ati ivyo vyabaye bibabere icigwa ko mworushiriza kurikanura mu guteramira umutekano. Ku vyerekeye naho ubutunzi,

Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yarashimye ko umwimbu wabaye mwiza ku mpeshi

Muyinga.

Akaba yarasavye abanywanyi b'ishirahamwe, «Dukunde igihugu, twiteze imbere», ko boja barabitsa ubutunzi b w a b o m w 'ishirahamwe ryo kubika no kuguranana; gutyo bazoshobora kwiteza imbere, yongera abasaba no kuzokoresha umwambaro usa kandi u b a r a n g a w'ishirahamwe.



aca ahamagarira abenegihugu kwitaho uburyo bushasha bwo kurima mu ci, na cane cane ukuvomera imirima. Yabahamagariye guhindura ingendo ati ukurima siwo mwuga wonyene. Niko gusaba abadandaza ko boja hamwe bakiyubakira amasoko ya kijambere nkuko bavyiboneye igihe baja kurahura ubwenge ku badandaza bagenzi babo bo mu ntara ya

Mu kurangiza, Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yaremeye kuzoshigikira iryo shirahamwe mu kurironsa ibikoresho vy'akazi nk'amasuka hamwe n'inkorofani.

Inyuma y'ivyo bikorwa, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yaciye ashikiriza imfashanyo igizwe n'ibifungurwa abanywanyi b'iryo shirahamwe bagera ku 4000.

Arlette AKIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yararanguriye ibikorwa rusangi muri zone ya Buterere.

Ku musi wa gatandatu igenekerezo rya 10 ruheshi 2017, Umukuru w'Inama Nshingamateka Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yararanguriye ibikorwa

vy'iterambere rusangi kw'ishure shingiro rya Kiyange I riri muri zone ya Buterere komine Ntahangwa mu gisagara ca Bujumbura. Iryo bikorwa bikaba vyari ivyo gutegura ibeto yo

gukora inkingi z'amasomero. Bikaba vyari vyitabwe n'abanyagisagara isinzi, uherye ku wurongoye igisagara ca Bujumbura Freddy MBONIMPA, abashingamateka

batowe mu gisagara ca Bujumbura hamwe n'abajewe intwari mu ma zone no mu ma karitaye agize igisagara ca Bujumbura. Ibikorwa rusangi birangiye,



Umukuru w'igisagara ca Bujumbura yarashikirije ijamba ry'ikaze, aho yashimiye Umukuru w'Inama Nshingamateka we yaje kwifatanya n'abanyagisagara muri ivyo bikorwa n'aho asanzwe afise ayandi mabanga menshi y'igihugu.

Mw'ijamba yashikirije, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yamenyesheje ko anezereza no gusangira ibikorwa rusangi n'abanyagisagara mu gihe ubu nabo bamaze kwibonera ineza y'ivyo bikorwa. Umukuru w'Inama Nshingamateka yaragarutse ku mutekano muke waranze igisagara ca Bujumbura mu mwaka w' 2015 na cane cane ikomine ya Buterere. Aragaruka kandi ku nyifato isubiye kwibonekeza yo guterana amagerenade mu duce tumwe tumwe tw'igisagara ca Bujumbura bifatiye cane cane ku kwihorana ku bafise ivyo bapfa. Ati abafise ivyo bapfa ni biture ubutungane bareke kwihanira, aca ahamagarira ya nyabune kuguma barikanuye mu gutuza ubwo bugizi bwa nabi.

Umukuru w'Inama Nshingamateka yaravuze kandi ku vyerekeye

abanywa za nzoga zitemewe n'amategeko. Ahamagarira abajewe intwari guhagurukira rimwe bakarwanya izo nzoga zonona amagara y'abenegihugu.

Nayo ku bivugwa hirya no hino mu gihugu, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yamenyesheje ko abari bashatse gutembagaza inzego zitorewe n'abenegihugu muri 2015 n'ubu batanze amaboko.



Ati ubu bariko baca mu nzira y'ivy'ubutunzi kugirango bate mu kaga igihugu; ati ubu rero bariko bakora urudandazwa rudacye mu mategeko hamwe no kurya ibiturire mu kumarira cane cane ubutunzi bw'igihugu nk'ikawa n'ubutare mu

bihugu bibanyi bimwe bimwe. Ati ivyo biragira ingaruka mbi cane ku butunzi bw'igihugu. Niho yaca asaba abarundi bose bafise umutima wo gukunda igihugu ko boja baratunga urutoki, bamenyesha abajewe intwari aho hose bazobona abariko baronona ubutunzi bw'igihugu.

Aca amenyesha ko n'ivyo kubura igitoro vyari bimaze imisi bijanye n'ivyo, ati barakinyegeza bagifise kugira gusa bate igihugu mu kaga na burya igitoro ku gihugu ari nka kurya kw'amaraso atembera mu mubiri w'umuntu, kibuze vyose ata kigenda. Akaba nahonyene yasavye abanyagisagara, gutunga urutoki uwo wese babonye ariko arakora ibisubiza inyuma ubutunzi bw'igihugu.

Umukuru w'Inama Nshingamateka yararemesheje kandi abarundi bariko baraterwa ubwoba n'ihinyanyurwa ry'ibwirizwa shingiro. Ati, ibwirizwa shingiro

niryo bwirizwa rikuru ku gihugu cose ati nk'igihugu cikukiye, Uburundi burafise uburenganzira bwo guhinyanyura ibwirizwa shingiro ryabwo. Ati kandi icyumviro cagiye kirashikirizwa mu vyipfuzo vy'abenegihugu muri vya biganirwa

vyahuza abarundi, ati hazohinyanyurwa ingingo nke kugira bazijanyishe n'igihe tugezemwo.

Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yaragize ico ashikiriza ku vyerekeye Umugwi wo kumenyesha Ukuri no Kunywanisha Abarundi, CVR: aho yawuteye intege ati abarundi bategerezwa kumenya ivyabaye

muri kahise kugira bazobonereho kurekurirana, hama banywane, babane mu mahoro. Ati rero abariko baragwanya igikorwa c'umugwi CVR ni bateshwe bate, ati abarundi turi bamwe tuvuga ururimi rumwe ati rero umugwi CVR uzodufasha gukomeza ubumwe.

Mu kurangiza, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA akaba yaciye

yemerera abagize amashirahamwe arangurira imirimo itandukanye mu gisagara ca Bujumbura kuzoza mu ngoro y'amakoraniro mu Kigobe kwirabira ingene abashingamateka barangura imirimo abenegihugu babatumye.

Arlette AKIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakurikiranye igikorane catunganijwe na MAC.



Ubumwe mu budasa ». Ico nico cari icivugo c'igikorane c'iminsi ibiri catunganijwe n'Ishirahamwe nyempuhwe ry'ikinyafrika, MAC mu mfunyafunyo yo mu rurimi w'igifaransa. Mu gusozera ikiringo ca kabiri c'igikorane co muri 2017, abategetsu batandukanye b'igihugu barongowe n'Umukuru w'Inama Nshingamateka bari bavyitabiriye.

Ni kuki imitwe y'abantu ishuha mu Burundi mu matora ? Uko imyaka icumi itashe, Abarundi barasubiranamwo, ni ivumwe ? Icizere cari catanguye kwibonekeza mu kiringo c'imyaka ya 2005-2015. Yamara, vyasubiye itoto mu migumuko yo muri 2015. Naho vyagenze uko, ubutandukane bwabonekeza mu nzego z'igihugu, haba muri Leta, mu Nama Nshingamateka, mu Nama Nkenguzamateka, mu gisata c'Igisirikare no mu gisata c'Igiporisi. Ivyo vyaratangaza MAC, ari naho yigira inama yo kurondera insiguro. MAC yasanze ari intambara y'umutima, atakindi coyinesha atari amasengesho menshi, nk'uko vyashikirijwe n'uwuserukira MAC imbere y'amategeko. Aimé-Pascal NDUWIMANA, ati; atagapfuye ntagakira: Uyo mwitwarariko niwo watumye havuka MAC ifise intumbero yo gusengera Ekleziya n'igihugu c'Uburundi.

Ku bw'Umukuru w'igisagara ca



Bujumbura, ni iteka ku gisagara gutunganya amasengesho nk'aya. Freddy MBONIMPA yarakengurutse kandi intererano y'abavugabutumwa mugutsimbataza amahoro n'umutekano. Yatanze akarorero k'umuvugabutumwa yadomyeko urutoke ingeso itajanye n'imigenzo y'Abarundi yari itanguye kwibonekeza mu karere ka Gisyo. Yamara, yaraneguye inyifato y'abavugabutumwa bamwe bamwe bafatanywe itonga, bariko barahingura inzoga zitemewe n'amategeko mu gihe hari isekeza ryokuzirwanya.

Ku ruhande rw'Umuhuza w'Abarundi, nawe nyene yarashimangiye yuko abavugabutumwa bunganira

urwego arongoye, mugutatura amatati bidaciye mu ngimba, hako abenegihugu bashengezanya mu masentare. Edouard NDUWIMANA yabandanije avuga irindi huriro y'urwego rwiwe n'abamenyeshabutumwa ryimirije. N'aho si ahandi, ni kwitegurira amatora atekanye yo mu 2020. Vyongeye, ntiyibagiye kuvunira akagohe amasengero. Mu nyigisho zabo, hagushimikira ku ngarukambi z'ibicumuro, bibanga ahubwo ku bitangaro bijanye n'ubuzima bwiza.

Mw'ijambo ryiwe, Umukuru w'Inama Nshingamateka yashinze intahe y'ibintu bitatu ashira imbere mu vyerekeye ukwemera. Ubwa mbere na mbere, Nyakubahwa yagize umutima



w'urukundo mu buzima bwa minsi yose. Muvy' ukuri, yavyigishijwe n'imigenzo y'ikirundi. Naho uyo mugenzi wa ba sokuru ubu uriko uratotekazwa n'iterambere, yarerekanye ko ahari urukundo, ubumwe buca bukurikira.

Munyuma yagarutse ku kwifata ruto. Ati iyo umwana w'umuntu ateye imbere haba muri poritike, haba mu rudandazwa, aca yifata nk'igitangaza, ha gushimira Imana mu gufasha abatishoboye; ivyo bigasigura ko abantu bibagira vuba.

Umukuru w'Inama Nshingamateka yasozeraye amenyesha ko yamana umwizero. Ati iyo asavy' Imana ikintu, ngo yama imwishura. Ati no mu bihe bigoye, agumana uwizero. Ari nako kwibuka ingene ubwato yari arimwo bwahatswe kwibira mu kiyaga, ari ku nzira ahunga. Yaciye ahindukira ambwira umugore wiwe ateruye umwana w'amezi atanu, ati « Tekana ! » Imana yarapfashije , barashika impore.

Mu gusozera ico gikorane, Pasitori Arthémon NZAMBIMANA wo mu rushengero bw'ubugingo bushasha kw'i Jabe yasiguye ko tuboshwe n'imigenzo, aca ashima ariko ko Yesu Kristo yaje guca izo nzitizi zose.

Christine NAHIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakoraniye inama y'imvukira z'intara ya Cibitoke

« Leta y'Uburundi yari ikwiye kwitaho abarimyi b'igiterwa c'ikawa mu kuduza igiciro ku kilo c'ikawa zidatonoye ».

Ico cipfuzo cashikirijwe n'abenegihugu bo mu ntara ya Cibitoke mu ntumbero y'isekeza ryo kurwanya ingeso yo kurya igiturire no kudandaza bidaciye mu mategeko, ku muni wa gatanu igenekerezo rya 16 Ruheshi 2017, mu nyubakwa z'ishule ryisumbuye rya Rusagara yo muri komine ya Mugina, mu nama Umukuru w'Inama Nshingamateka yagiranye n'imvukira z'iyi ntara.

Mu gihe iri mu ntara kama z'Imbo na Mirwa, komine ya Mugina, isanzwe iri ku rubibe hagati y'ibihugu vy'Uburundi n'Urwanda, ikaba yifitiye umuduga wayo bwite, nk'uko Musitanteri yavyishimiye. Yamara, umupfasoni Jovithe



BAYAVUGE yaraneguye ko ibitigiri vy'abanyeshuri bahevyeye ishule vyiyongereye mw'ikomine yiwe.

Ari nako Buramatari w'intara ya Cibitoke yaciye ahumuriza ati, mu ntumbero yo gutuza iyo ngeso,

harashinzwe ku mutumba wose komite ikurikirana ku muni ku muni ingene abana bari ku mashule bitwara. Joseph ITERITEKA yarakeje kandi igisata c'Ubutungane. Naho ibintu biri uko, yaraneguye ariko ko imanza zicibwa zidaheza ngo zije mu

ngiro bitewe n'ubukene bw' uburyo butuma abacamanza batishikira ku kivi. Vyongeye, ngo umuyagankuba usa n'uwutabaho urabangamiye iterambere rya Cibitoke, kandi iyo ntara ifatwa nk'ikigega c'igihugu.

N a h o
hibonekeje
i n d w a r a
y' i b i g o r i ,
Buramatari
w'intara yarijeje
ko umwimbu
w' i m p e s h i
wabaye mwiza.
Y a c i y e
a b o n e r a h o
mbere akanya
ko kumenyesha
u m u g a m b i
w'ishirahamwe
rya FIDA wo
kurima mu
k i r i n g o
c'umwaka wose
ku buringanire

bwa hegitari 3.000 mu makomine ya Buganda na Rugombo.

Ku ruhande rwiwe, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yarashimangiye ico cyumviro mukumenyesha ko mu minsi ya vuba Inama Nshingamateka izokwemeza integuro y'lbwirizwa rijanye no gushirako umukono ku mfashanyo y'ibanki y'isi yose, ingana n'imiliyoni 75 z'amadorari y'abanyamerika. Iyo Nteguro y'lbwirizwa izokwerekeza intara za Bubanza, Bujumbura, Cibitoke na Rumonge, izokwibanga ku biterwa vy'umuceri, ibigori, no ku bworozi bw'inka.

Asigura imvo y'urugendo rwiwe, Umukuru w'Inama Nshingamateka yashikirije ko, mu rukurikirane rw'isekeza ryo kurwanya ingeso yo kurya ibiturire n'urudandaza rudacye mu mategeko, ubu haramukiwe intara ya Cibitoke. Ari nako kudondagura ingaruka mbi zimwe zimwe z'iyi ngeso. Ni nk'amabwirizwa ataba agikurikizwa

bitewe n'uko abifise aribo gusa baba bafise ijambo. Vyongeye, ngo ba nyarucari baguma bifumbereje mu bukene bwabo, mu gihe ata mugambi n'umwe w'iterambere uba ugishoboka kuko ubutegetsu buba busa n'ubutakibaho.



Ikindi kandi bituma ubutunzi bw'igihugu buca bujanwa mu bihugu bibanyi.

Umukuru w'Inama Nshingamateka yatumiriye kandi urwaruka guhindura ingendo. Leta aho igeze ntigishoboye guha akazi abantu bose bagakeneye. Ati incabwenge ahubwo niziye umvire ingene boza baratanga akazi. Yaboneyeho kandi kuvunira akagohe abajewe intwari ku bijanye no kwamiza akajisho kuri bimwe bakunze kwita ama ligala kugira urwaruka ruvavanure n'iyi ngendo. Nayo ku bijanye n'ihinyanyurwa ry'ibwirizwa shingiro yaranahumuriye ko atari lbwirizwa ryose rizohinduka, ariko ingingo zimwe zimwe zitakijanye n'iminsiturimwo.

Vyongeye, Umukuru w'Inama Nshingamateka yatanze inkebuzo yerekeye igiterwa c'ikawa. Ni kuki igihugu c'Urwanda kigira ikawa y'Uburundi ku giciro giciriritse ? Gishora hehe iyo kawa ? Ati ivyo vyose ni ibibazo vyotorerwa inyishu

mu ntumbero yo gukemura iyo ngorane.

Ku bipfuye ko hokongerezwa bwa buryo bw'imiriyoni 500 zisanze zihabwa ku mwaka ikomine yose, Umukuru w'Inama Nshingamateka

y a h a n u y e
a h u b w o
k u m e n y a
g u k o r e s h a
u b w o b u r y o
n y e n e b u r i h o ,
m u g i h e
h a c i b o n e k e z a
u t u r e r e
t u m w e - t u m w e
u b w o b u r y o
b u b a
i m p f a g u s a ,
k u k o
b a t a r a m e n y a
g u s h i n g a
i m i g a m b i . A t i
n i u k w a m i z a k u
m u z i r i k a n y i k o
i t e r a m b e r e r i v a

ku benegihugu rikongera rikabasubirako.

Nayo ku biyumvira ko ikirango c'amezi atatu co kwinjiza ibifungurwa bitarishe amatagisi ari gito, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yaribukije ko abakozi ba Leta bahembwa n'amatagisi n'amakori yegeranijwe na OBR, iki kigo kikaba ndetse cari caramaze guharura ayo matagisi n'amakori mu buryo kizokwinjiriza igihugu mu kiringo c'umwaka. Ati ari hamwe ikirango cokwiyongera cane, hari vyinshi vyokwononekara mu rundi ruhande.

Mwomenya ko abatowe mu nzego zo hasi barara ntibuca, kuva aho Umukuru w'Inama Nshingamateka abatumiye kuza kwirabira Abashingamateka bitoreye ingene bararangura ibikorwa vyabo.

Christine NAHIMANA

Ihimbazwa ry'umunsi mukuru w'Isakaramentu Ryeranda



Ku munsi w'Imana, igenekerezo rya 18 Ruheshi 2017, Ekleziya Gatolika kw'isi yose yarahimbaje umunsi mukuru w'Isakaramentu ryeranda. Kuri iryo sango, Umukuru w'Inama Nshingamateka yarifatanije n'abakiristu bo kuri Paruwasi yitiriwe Kristu Mwami yo mu ntara ya Cibitoke.

Patiri Mukuru waho, mu nsiguro yatanze, yerekanye ko Isakaramentu ryeranda ariyo rikurira amasakaramentu yose uko ari indwi. Patiri Nestor NIHORIMBERE yasiguye ko mw'Isakaramentu ryeranda ariho dusanga Yezu wese, ni ukuvuga mu mubiri wiwe nk'umuntu, mu bwenge bwiwe, mu bumana bwiwe, eka, muri

make, mu bubasha bwiwe.

Yabandanije amenyesha ko isakaramentu ry'Ukaristiya ariyo Sakaramentu nyakuri ry'Urukundo. Ati Ukaristiya bisigura gukenguruka.



Ati mu nkuka y'imisa, twibuka ko Yezu Kristu yaducunguye ku musaraba, kugira abantu baronke ubuzima. Yongeye ko kw'Isakaramentu ry'Ukaristiya

ritwibutsa umunsi wa kane mweranda, aho Yezu Kristu yaha abatumwa biwe umubiri n'amaraso yiwe nk'umukate n'umuvinyu vyamaho.

Patiri Nestor NIHORIMBERE yashikirije kandi ko mw'Isakaramentu ry'Ukaristiya, Yezu Kristu yitanga nk'umuvinyu wo mw'ijuru n'umukate w'ubuzima, nk'uko wenyene avyivugira.

Muri iryo Sakaramentu ry'Ukaristiya, Abakiristu baremeza ko Yezu Kristu ari muzima, nk'uko Patiri Mukuru yabishimangiye imbere yuko atangaza muri iryo

Sakaramentu Yezu yagaragaje ko yakunze abantu ubutiziganya, kugira baronke ubuzima budahera.

Naho yatahuye Abayahudi

batategereye ingene Yezu yotanga umubiri wiwe. Patiri Nestor NIHORIMBERE yaribukije ko hari mu nama yabereye ahitwa Trente mu 1545, aho Abepisikopi batangaje

Kristu, gukundana nk'abavukanyi, gutyororwa na Yezu Kristu mu nzira yacu yo kuja mw'iparadizo. Iryo ragi ryibonekeza mu kwakira Yezu Kristu mu mihana yacu, aho turangurira

bwagiye buracamwo, Umukuru w'Inama Nshingamateka yavuze ko Abarundi batigeze bihebura, ahubwo bagumye bagwiza ibisabisho, kandi ngo ibintu vyarasubiye mu buryo.



ikinyegezwa c'umubiri n'amaraso ya Yezu Kristu. Yaboneyeho no kugaruka ku vyashikirijwe n'ibihangange muri Ekleziya ku bijanye n'ico kinyegezwa kirengeye ubwenge bw'ikiremwa muntu.

Patiri Mukuru yaheraheje avuga ko Isakaramentu ry'Ukaristiya ari akaranga ka Ekleziya Gatolika yemanga ko Yezu Kristu muzima aba ari muri Ukaristiya. Yashikirije kandi ko hari ayandi mashengero y'Abakristu bigana iyo migirwa, biyibutsa gusa ivyo Yezu Kristu yakoze, ariko batemera ko ari muzima. Patiri Nestor NIHORIMBERE yasozerereye insiguro yiwe mu kwibutsa iragi ry'Isakaramentu ryeranda. Muvyo yadondaguye harimwo umwe wese gushikiriza ubuzima bwiwe Yezu

imirimo, eka aho hose tuba turi.

Imbere yo gutangura urugendo rweranda, Umukuru w'Inama Nshingamateka yararamukije Abakristu, aca aboneraho gushimira Imana yo yatumye iryo sango riba, narirya Ekleziya Gatolika ifise urukurikirane rw'iminsi mikuru nka Pentekoti, Ubutatu bweranda, n'ihimbazwa ry'Isakaramentu ryeranda.

Afatiye ku gisomwa ca mbere, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yararemesheje kugumana icizere, no mu magume, kuko ngo ivyo bihe bishobora gushika kubera nyene Imana ishaka ko twama tuyiyegereza.

Yibutsa ibihe bigoye Uburundi

Yishimikije urukundo rurengera vyose kandi ruranga abakristu, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yaragaragaje ko imico n'imigenzo y'igihugu irangwa n'urwo rukundo. Ati kera nta Murundi yokwipfuye ko iruhande yiwe naka yoraye inzara kandi nawe ariko arabisesa. Kera nta waryama kw'ibarabara kubera yarabitswe n'inzara, nk'uko Nyakubahwa Pascal NYABENDA yabishikirije, ari nako guca ahanura uwo ariwe wese kugarukira imico n'imigenzo y'abakera. indero yo ku ziko hari ico yofasha muri Ekleziya. Yaboneyeko kugabisha abafa ivyo bayoroye bitajanye n'imico y'igihugu. Ati ivyiza ni ukurobanura ibijanye n'imigenzo y'Abarundi. Yaheraheje ijamba ryiwe yemereye abakristu intererano ingana n'imifuko 100 y'isima mu bikorwa vyo kwagura iyo Paruwasi imaze imyaka 60 ivutse.

Umukuru w'Inama Nshingamateka yasozerereye ashimira abanyecibitoke ku gishika bamwakiranye. Inyuma y'inkuka ya misa hacye hatangura urugendo ku ntambwe ingana n'ibirometero bine.

Christine NAHIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarahaye umubonano Umuhuza w'abarundi.

Ku muni wa gatatu igenekerezo rya 21 ruheshi 2017, Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakiriyemo mu biro iwe umuhuza w'abarundi, Nyakwubahwa NDUWIMANA

Edouard. Ikiyago cabo kikaba cari cerekeye ahanini ku birangurwa n'urwego rw'Umuhuza na cane cane ku buryo buke urwo rwego ruronswa, ivyo bigatuma ibikorwa bitagenda neza. Umuhuza w'abarundi akaba yaravuze

ko hageze ko atanga rapport y'ivyo mu mezi atandatu nkuko amategako abivuga.

Kakaba kari n'akaryo ko gutumira Umukuru w'Inama Nshingamateka mu nama y'Abahuza izobera mu



Burundi mu ntango y'ukwezi kwa mukakaro. NDUWIMANA Edouard akavuga ko kandi mu mwiherero wari utegekanijwe, Inama Nshingamateka yogira ico iterereye. Ibizopfundikirwa muri iyo nama bikazoshikirizwa Umukuru

w'igihugu n'Inama Nshingamateka yo itora amategeko, kugira ba Nyakwubahwa Abashingamateka, mu gutora amategeko bazitwararike ibizoba vyasabwe muri iyo nama.

Nyakubahwa Umuhuza w'abarundi

akaba yarashikirije ivyo urwo rwego arongoye rumaze kurangura : Yarashoboye gutunganiriza abari barirukanywe ku buzi bidaciye mu mategeko akaba kandi yaranagarukiye kuri bamwe basamburirwa n'umwuzure b'i Nyaruhongoka n'abandi.

Nkuko muvuyo urwo rwego rujejwe ari kuba umuhuza hagati y'abenegihugu na Leta, Umuhuza w'abarundi yarakiriye mu biro iwe intumwa z'abenegihugu basamburiwe amazu ku mvo z'uko ziri ahazokwubakwa ikirimba c'Umukuru w'Igihugu. Ico kirimba cari gitegekanijwe ahangana ihagitari 40 basanze hakenewe ihagitari 200. Akaba yaravuze ko ico kibazo kiriko kirigwa.

Pétronie BUCUMI

Ibibazo vyunganirwa vyabajijwe abashikiranganji bane bari baserukiye Leta

Amaraporo y'urutavanako yamye agirwa ku Burundi n'amasahirahamwe mpunzamakungu yatumwe nuko hari amabanga y'abakoronije Uburundi yamenyekanye. Ico ni icyumviro cahuriweko n'abashikiranganji bane bari baje kwishura ku bibazo vy'abashingamateka; hari kw'igenekerezo rya 28 ruheshi 2017 mu ngoro y'amakoraniro ku bibazo vyunganirwa. Abo nabo bari: Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu n'inyigisho zo gukundisha igihugu, BARANDAGIYE Pascal; Umushikiranganji w'imigenderanire n'ayandi makungu Alain Aimé NYAMITWE; Umushikiranganji w'Ubutungane Aimée Laurentine KANYANA hamwe n'Umushikiranganji w'agateka ka zina muntu Martin NIVYABANDI.

Hariho rero amasanamu yabonetse



yerekanye ko abazungu baje bigisha ijambo ry'Imana, ariko kwari ugutegura aho bazakorera abazoba gukoroniza Uburundi. Uwabatumye akaba yababwirako mukwigisha bibiriya boshimikira ku kwicisha

bugufi. Bikaba vyaribonekeje ko ingene baha amategeko bene burundi kuvyo bitungiyeye, vyarerekana neza ko bipfuzako kugira ububasha bw'umurengeza ku butunzi bw'abo bakoronije.

Amasezerano y'ubumwe bwa buraya arerekana neza ko abaje

Naho ku batizeye ibiganiro biri hagati y'abarundi, bavuga ko abantu

umwe wese yibonere ko icipfuzo ciwe cafashwe nkama.

Umushikiranganji w'imigenderanire n'ayandi makungu yavuze ko Uburundi rimwe rimwe bugwa mu mitego y'abazungu mu gusinya ku bwihuta amasezerano amwe amwe. Umushikiranganji Alain Aimé NYAMITWE akaba yabisiguye mu gutanga akarorero k'uko Uburundi buheruka gusinyura muri ya masezerano y'i Roma. Abashingamateka bakaba baravuniye akagohe mukubasaba ko boza barabarungikira integuro y'ibwirizwa hakiri kare.

Umushikiranganji akaba yasabwe ko bosubira bakihweza amasezerano yo gufashanya mu vy'ubutunzi. Kubw'abashingamateka, ayo masezerano arafise agahaze. Bati mu ntumbero yo gufatwa mu mugongo, igihugu kiri mu nzira yo kwiteza imbere gitegerezwa gufashwa mu vyerekeye umuyagankuba. Ibihugu vyoba vyiyemeje kudufasha vyoza umutahe uboneka kugira ibihugu vyasinye muri ayo masezerano bironke ibidandazwa vyo gushora mu makungu ku rugero rumwe.

gukoroniza afrika kwari ugusahura ubutunzi bwa Afrika hanyuma bakazogaruka kuyitabara.

Ko bimeze uko rero abenegihugu bariko baca ubwenge, birakwiye ko bohindura ingendo. Kazoza k'igihugu kari mu minwe y'abenegihugu bo nyene bategerezwa guheba ingendo yo kweza amaso ku makungu. Iruhande yo kwigisha gukundisha igihugu n'ukurwanya urudandazwa rwo mu kinywabi, ukurya n'ugutanga igiturire hamwe no guhimiriza abenegihugu ngo batange amatagisi, ni bimwe mu bizotuma ikigega c'igihugu kibomboka. Uturorero turahari : amafaranga atozwa mu ma komine kuva hasi gushika hejuru atuma ayo makomine yigirira imigambi yo guteza imbere abenegihugu. Ikindi gifasha ni uko amakomine ariyo yoza arakurikirana amasoko yabo. Ukwimba amabuye y'agaciro navyo vyarateye intabwe kuva ku biro 400 ku kwezi gushika ku matoni 15 kubera ko ubu bikurikiranwa neza.

Kuri ivyo vyose abo bashikiranganji berekanye, barasavye abashingamateka nabo ico bofasha.

ibihumbi 26 badaserukira bikwiye abenegihugu imiliyoni 9, Abo baje baserukira leta barabahumuriye. Abahinga muri vyo baravuga ko abo batowe kuva hasi gushika hejuru bakwiye. Ati no mu matora si bose bagenda kiretse abakwiye imyaka nibo baja gutora; aho yavuze ko raporo izogirwa izojamwo ivyavuye mu mice yose yabayemwo ibiganiro haba hanze y'igihugu canke mu



gihugu hagati. Iyo raporo rero niyamara kuboneka ikazoshikirizwa uwariwe wese avyipfuzza kugira

Umushikiranganji w'ubutungane nawe yarerekanye ukuntu Abarundi

bumaze kwereka amakungu ko Urwanda rushaka gusomborotsa Uburundi mu guha indaro abagombye gutembagaza inzego mu Burundi n'abahungabanije umutekano ari naho bagirira imyimenyerezo ya gisirikare. Aimée Laurentine KANYANA avuga ko EAC, CIRGL na CEPGL; ataco barigera bavugaga kuri ivyo birego.

Agasozi ka Sabanegwa kari muri komine Mwumba nako gatuma haba icuka kibi hagati y'Uburundi n'Urwanda kuko Urwanda ruvugaga ko ari umusozo warwo. Abashingamateka barabajije aho izo

ukuri kuje ahabona.

Leta y'Uburundi nayo ibishatse izoca yinjira muri ico gikorwa. Umushikiranganji yavuze ko Urwanda bararonse inshumbusho, aribaza niba abarundi bobo boba bararonse uruhande rwabo.

Abashingamateka baravuze ivyerekeye ikinyamakuru co mu buhinga bwa none citwa NDONDEZA. Bati Leta iriko irakora iki kugira ibeshuze ibinyoma bigicako?

Umushikiranganji Aimée Laurentine KANYANA yasavye abenegihugu kugumya umutima. Ati birazwi ko hariho abantu bahabwa amafaranga

naho, Umushikiranganji w'agateka ka zina muntu n'imibano, yaribukije ko urwo rudandazwa rufise ikibanza ca kabiri kw'isi mu kwinjiriza abarugira amafaranga. Martin NIVYABANDI ati urwo rudandazwa rutunganywa n'amashirahamwe akomakomeye. Akaba atunga urutoki abakenyezi bo muri Kenya na Tanzaniya bakorera urwo rudandazwa mu Burundi. Ingeso y'ubushurashuri nayo ikaza yiyongera kuri urwo rudandazwa ndetse n'uguhimbura ibihimba bimwebimwe vy'abo badandaza umubiri kubigurisha ku bagwayi. Ati hariho n'uburenganzira bwo kuronka ubwenegihugu uko ushatse. Abigeme b'abarundi bari mu mugabane wa Asiya ngo babayeho mu buryo buteye agahinda, ariko abandi muri Omani, Dubai, Arabie Sawudite; ugasanga babayeho neza. Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu akaba yaravuze ko hariho n'amashirahamwe amwe amwe yahagaritswe kubera ico gikorwa kigayitse.

Ico kiganiro cakurikiranwa ikibiriraho ku maradiyo atandukanye yo mu gihugu yatanguye isaha 4 z'igitondo gihera isaha 12 z'umugoroba; cari citabwe n'abari mu mashirahamwe amwe amwe ya hano i Bujumbura. Muri ayo twovugaga amashirahamwe y'abunguruzwa abantu ku ma moto, ku makinga; abagendesha ama bus, abakokayi, abaropora umusenyi. Ayo mashirahamwe rero akaba yari yitavye akamo batewe na Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka aho, bari mu bikorwa vy'iterambere mu gisagara ca Bujumbura muri zone Buterere. Umukuru w'Inama Nshingamateka nyakwubahwa Pascal NYABENDA akaba yarashimikiye ku kukuntu abenegihugu bategerezwa kumenya ingene abashingamateka bakora

Christine NAHIMANA



ngorane zizovira mu nzira. Umushikiranganji yishuye ko icokura impari ari amakarata yagizwe n'abakoronije Uburundi n'Urwanda. Ati mu minsi ya vuba umugwi w'abarundi uzoja i geneve kurondera izo karata.

Abategetsi bakomeye b'abarundi harimwo perezida Cyprien NTARYAMIRA bariciwe ku butaka bw'Urwanda. Kubera iki Uburundi butituye ubutungane? Umushikiranganji w'ubutungane ati ico kibazo kiburanwa kubiri: gukorora indege abo bategetsu barimwo no gushumbusha imiryango yabuze. Ati Ubufaransa na Espagne biri ku kivi kugira icatumye indege ikoroka kimenyekane n'ibindi bihugu bikaba biriko biratererera kugira

kugira baje kure yaho babaye, hanyuma NDONDEZA ikavugaga ngo baranyurujwe. Ikiziga c'umuntu gitowe harya canke hariya NDONDEZA ikavyegeka ku bajejwe umutekano. Uwo mushikiranganji akavugaga ko umwe wese yogira uruhara mu gutuza ivyo. Uwuvugaga ayo makuru y'ibinyoma arazwi. Atanzwe n'ukuvugaga nabi igihugu ciwe: Ejo haheze yarakora bigashimwa muri y'amashirahamwe yitwa ko adaharanira inyungu za politike. Akaba yarashigikiye bimwe biboneka umugirwa ugayitse wo guhuza ibitsina ku bantu basangiye igitsina. Hanyuma yaje kuba umunyapolitike yinjira muri CNARED. Ubu rero ageze muri NDONDEZA. Ku vyerekeye urudandazwa rw'abantu

Guca hirya no hino n'ukwemeza integuro y'ibwirizwa rijanye n'ishirwa vy'igikumu na leta y'Uburundi kuyerekeye amagara y'abantu baba mu akarere ka Afrika y'ubuseruko.

Kwemeza 100%, integuro y'ibwirizwa rijanye n'ugushira umukono na leta y'Uburundi ku nyandiko zerekeza ku vy'amagara y'abantu baba mu karere ka Afrika y'ubuseruko nivy vyari vyakoranije ba nyakwubahwa abashingamateka mw'ikoraniro risanzwe ryo ku munsu wa kane igenekerezo rya 22 Ruheshi 2017; mu ngoro y'amakoraniro mu Kigobe.

Mu vyoyashikirije asigurira abashingamateka uyo munsu, nyakwubahwa umushikiranganji w'uburimyi n'ubworozi yavuze ko ibiganiro

vyabaye muri 1982-1994 vyabaye ivya mbere vyavuze ivyerekeye idandazwa ry'ibiterwa. Ivyo biganiro rero bikaba muri 1995 vyarashitse ku yandi mategeko abiri atohara: ivyerekeye amagara y'abantu n'iraba amavuriro y'ingorane z'ubuhinga zokwibonekeza muri urwo rudandazwa. Umushikiranganji Deo Guide RUREMA akaba yamenyesheje ko kandi Uburundi bwinjiye mu masezerano y'isi yose araba ivy'ukudandaza kuva mu mwaka wa 1995.

Umushikiranganji yamenyesheje ko kugira Uburundi bukurikize ivyo bapfunditse muri ayo masezerano ko bisabwa ko ari ukubungabunga ibimera n'amagara y'ibikoko n'ugucungera ko ibifungurwa bidahera; leta y'Uburundi ikaba rero yarashizeho amategeko afasha

gushira mu ngiro ivyo biyemeje ndetse n'ukuraba ivyerekeranye n'akanovera; hakaba harashizweho n'umugwi ubijejwe.

Iyo ntumwa ya Leta ikaba yaravuze ko Leta y'Uburundi yihaye imigambi ijanye n'ayo masezerano; ikaba



yarashize igikumu kurayo masezerano kw'igenekerezo rya 12 mukakaro 2013 mu nama y'abashikiranganji bo mu ma leta agize akarere ka Afrika y'ubuseruko. Yaheraheje avuga ko kuri uwo munsu ibihugu bine vyaciye biterako igikumu kiretse Uburundi.

Umugwi wamaho mu nama Nshingamateka ukurikirana hafi ivy'uburimyi n'ubworozi warabajije uwaje aserukiye Leta ikibazo kijanye n'ivyo biterwa birobanuye; ingene vyifashe mu gihugu cacu.

Mbere yo kw'ishura kuri ico kibazo umushikiranganji yabanje kubabwira iyo vyazananye. Ati ivyaje mu mwaka w'1990 mu bihugu vyunze ubumwe vy'Amerika muri Aligentine bikaba vyashitse muri 2005. Ati muri ico gihe ibihugu vyaciye bitangura kubikoresha ni

Afrika y'epfo na Burkina-faso. Muri ino minsi naho Ubuganda na Kenya bariko barabigirako ubushakashatsi. Iyo ntumwa ya leta ikaba yarahejeje amadidane yari muri benshi.

Ati muri kino gihe abantu baritiranyavy'imbuto zirobanuye. Ivyo biterwa biterwa kugira vyerevuba.

Kuri ivyo rero Umushikiranganji w'uburimyi n'ubworozi akaba yarabasiguriye itandukaniro riri hagati yavyo: ati ivyo bita hybride ni ugutera ibiterwa birobanuye, OGM navyo ni

ivyo baba bahinduye kamere yaco mukuzana ikindi kintu muri congo bibane; mukwishura ku kibazo c'abashingamateka yababwiye ko ama OGM atarekuwe gukoreshwa mu Burundi.

Umushikiranganji akaba yaravuze ko ivyo bita OGM bikoreshehenshi kw'isi kandi ko no mu karere duherereyemwo, birashobora gushika ko natwe twobikoresha kubera n'iterambere riguma rigwira. Ati nta kibazo na gito ngo kuko Ubushikiranganji bw'ubworozi burafise abakozi bakwiye kandi babinonosoye bazobikurikirana kandi bagacungera n'igwirirana ryavyo mu gihugu.

Abakozi bo mu Nama nshingamateka bashigikiwe n'icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka mu bikorwa rusangi ku ngoro y'amakoraniro mu Kigobe.

Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA, ari kumwe n'abakozi bo mu Nama Nshingamateka barakoze ibikorwa rusangi kw'igenekerezo rya 24 ruheshi 2017 ku ngoro y'amakoraniro mu Kigobe. Ivyo bikorwa rusangi vyari ivyo kugira isuku aho ku ngoro y'amakoraniro, nko kurandura ivyatsi bitabereye aho hantu no gusiga irangi rishasha. Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yavuze ko ivyo bikorwa vyatunganiye mu ntumbero yo kwitegurira isabukuru y'imyaka 55 Uburundi bumaze bwikukiye yama irahimbazwa igenekerezo rya mbere mukakaro uko umwaka utashe. Ati nkuko biri mu masezerano, umunsi wa gatandatu wa nyuma w'ukwezi wahariwe kugirira isuku aho tubaye.



Ari naco catumye abakozi bo mu Nama Nshingamateka baza muri ivyo bikorwa aho basanzwe barangurira imirimoyabo

Akaba yaronkeyeho n'akaryo ko gutera akamo izindi nzego ngo baze

baratunganya aho barangurira imirimo ya minsi yose na cane cane bitegurira ama sabukuru y'ukwikukira.

Pétronie BUCUMI

Ihimbazwa ry'umunsi mpuzamakungu wahariwe ibidukikije mu ntara ya Ruyigi



« Duhagurukire ibidukikije niyo nzira yo kurwanya ihindagurika ry'ibihe ». Ico nico cari icivugo c'umunsi mukuru mpuzamakungu wahariwe ibidukikije wahimbajwe kw'igenekerezo rya 17 ruheshi 2017 ukaba uhimbazwa uko umwaka utashe kuri iryo genekerezo nyene. Mu ntara ya Ruyigi ivyo birori vyari vyatewe iteka n'Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka Umushingamateka Jocky Chantal

NKURUNZIZA aherekejwe n'abashingamateka n'abakenguzamateka batowe muri iyo ntara ya Ruyigi hamwe n'abarongoye intara.

Igikorwa c'uwo munsi cari ico gutegura ikibaza co kuzoshiramwo ama pepiniyeri yakarorero yo mu ntara bakaba bariko babikorera ku musozi wa Karidonzi wo muri komine Ruyigi muri iyo ntara ya Ruyigi. Hakaba hategekaniye guterwa

imivyaroyi igera ku bihumbi ijana bizofasha gutera ku mitumba igize intara ya Ruyigi. Inyuma yivyo bikorwa buramatari w'intara ya Ruyigi mw'ijambo ryiwe yaribukije abenegihugu ingaruka mbi zo kwonona ibidukikije munyuma aragabisha abo bose bihaye guturira amashamba abamenyesha ko ingingo ruhasha zamaze gufatwa.

Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka nawe mw'ijambo ryiwe yaramenyeshe ko gukingira ibidukikije hamwe no kurwanya ubugaragwa ari ibintu bibiri ntabanduka mu gukingira isi yacu. Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yahamagariye abenegihugu kwitwararika gukingira ibidukikije mu gutera ibiti aho hose bitari. Yarahamagariye kandi abenegihugu kudasesagura umwimbu.

Icegera ca kabiri c'umukuru w'inama nshingamateka yaragendeye intara ya Makamba

Ku wa gatandatu igenekerezo rya 10 ruheshi 2017 Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yarifataniye n'abenegihugu bo ku mutumba wa Gasenyi muri komine ya Makamba mu bikorwa vy'iterambere rusangi.

Yari aherekejwe n'Umukuru w'Inama Nkenguzamateka Réverien NDIKURIYO hamwe n'abashingamateka batowe mu ntara ya Makamba na bamwe bamwe bo mu ntara ya Bubanza na Ruyigi. Ivyo bikorwa vyarivyo gusena impande z'ikibuga c'umupira w'amaguru kiri mu kigo bise Peace park. Inyuma

nyamakamba. Ijambo nyamukuru ryashikirijwe na Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nkenguzamateka aho yashimikiye kukubungabunga amahoro n'umutekano. Umukenguzamateka Réverien NDIKURIYO yarashimiye imvukira z'intara ya Bubanza ku cyumviro ciza bagize co kuza kuramutsa benewabo bo mu ntara ya Makamba ku gira birabire kandi bongere bungure ubwenge mu kwirabira ingene intara ya Makamba iriko iratera imbere. Yarasavye abarundi bose kuguma barihamwe kandi bagire ishaka ryo kumenya ibikoregwa mu mpande zine z'igihugu. Ntiyibagiye guha impanuro abenegihugu bari ngaho

Inyuma y'ivyo bikorwa rusangi icegera ca kabiri c'umukuru w'Inama Nshingamateka yaciye agenda kubonana n'abakenyezi bo muri komine Makamba. Ijambo ngenderwako bashimikiyeko ryari: «Umupfasoni nkingi y'umuryango akaba ajejwe iterambere aho aherereye». Baganiriye k'uruhara rw'umupfasoni mu muryango ati umupfasoni niwe nkingi y'umuryango kandi niwe ajejwe iterambere ry'umuryango. Yarababwiye uruhara umupfasoni afise mu rugo. Yarasavye imiryango ibana itanditswe, kwandikisha ubugeni bwabo mu nzego zibijejwe. Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yasavye abaraho kwitaho indero y'abana abasaba gukora batiziganya kugira berekane ko ari inkingi z'umuryango zibushitse. Yarabasavye gukorera hamwe mu kuja mu mashirahamwe ma koperative. Yarabasavye kwitaho ivya politike. Abapfasoni bari bitavye iyo nama nabo barashikirije impungenge kubijanye n'indero y'abana bijanye n'abana bananiwe na ca kibazo c'umwaka w'icenda n'uwicumi. Barashikirije ikibazo co guharika cimonogoje mu ntara ya Makamba. Abapfasoni babigisha barashikirije ikibazo kijanye na wa mugambi wo gukwiragiza abarimu mu mashure yose. Kuri ivyo bibazo vyose icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yarashikirije inyishu. Aca abemerera kuja kubabariza ababijejwe. Iyo nama ikaba yarangiye igihe c'isaha icenda mu kanyamuneza ntangere.



yivyo bikorwa, buramatari w'intara ya Makamba yarashikirije ijamba ryo kwakira abashitsi yongera amenyesha ko amahoro n'umutekano birangwa muri iyo ntara ya Makamba. Yamenyesheje ko umwimbu wagenze neza ko abenegihugu bitwararika ibikorwa vy'iterambere. Yarahaye akanya bamwe mu bashitsi bari aho ko gushikiriza indamukanyo ku ba

abasaba kwirinda inzoga zitemewe n'amategeko kwitaho kurondoka ku rugero no gushira abana mu mashure. Yasozereye ijamba ryiwe asaba abenegihugu kubandanya kwijukira ibikorwa kugira bateze imbere igihugu. Twobamenyesha ko ivyo bikorwa rusangi vyari biremeshejwe n'indirimo z'abenegihugu bari banezerewe kuba baronse abo bashitsi biteka.

J Baptiste Claude NIJIMBERE

INAMA NSHINGAMATEKA

UMUKURU W' IYANDIKIRO
Providence NIKIZA

ABANDITSI
Florine MUKESHIMANA
Arlette AKIMANA
Pétronie BUCUMI
J Baptiste Claude NIJIMBERE
Christine NAHIMANA

AMASANAMU
Richard NDAYISENGA
J Baptiste Claude NIJIMBERE